

Suara Merdeka. 8 Maret 2009  
Jiwa Konsumtif Jawa

Embuh wiwit kapan, wong Jawa kuwi katut duwe jiwa konsumtif. Seneng blanja, nrethek, direwangi klabakan, utang-utang, njur apa wae pengin dituku. HUUU! Pancen sok nganyelake. Luwih-luwih wong wadon sing jiwane besus najan sok ora pecus. Ora gableg. Ana sing jiwane pengin mothis, ning ora uthis, alias kagedhen empyak kurang cagak. Hihhh, njengkelke tenan.

Tenan kuwi. Lha piye, yen wis ngono iku, njur sing lanang (sok) kudu golek-golek. Merga pengin nuruti wong wadon, sing keyungyun blanja. Najan nggon blanja kuwi ora mung hake wanita, wong lanang ya ana sing seneng tetuku tanpa metung dhompete. Pepuntone, yen wong lanang/wadon mau nganti lali, ya playune tekan korupsi utawa nggabus. Cekake, kudu oleh dhuwit, najan rada reged, wis piye yen ngene iki, sontoloyo ta!

Yen ora kleru seka gagapanku, sipate wong Jawa kuwi pancen lemes, lembek, ora kaku, dadi pancen gampang kelayu gebyar. Sipat ngene iki sajake sing kewaca kadang-kadang kapitalis, utamane sedulur Tionghoa, njur ngimpor mayuta-yuta barang, diolah sing cocok karo rasa Jawa. Karomeneh, kapitalis Jawa uga ana sing sok nggunakake sesanti tuna satak bathi sanak, njur marahi kudu wong-wong prepegan menyang pasar, blanja saokeh-okehe. Tekade, ngiras mayoni sedulur, golek sedulur. Ah, embel gedhes yen bakul kok ora bathi gelem ngeculke barange.

\*\*\*\*

Embuh diakoni apa ora, wong Jawa ki cen pengin sing gumebyar, rada nyolok mata. Ana sing pengin diwah, moncer dhewe, aku je, lan saweneh uga ana sing pengin ”ngemperi jagad”. Mula, ora sah kaget, yen jane ora pati mbandha, ning guwayane kathik kaya wong ndrebala. Lire, ana sing dhal-dhel blanja, wani utange. Hihh, jare, yen isih dipercaya utang kuwi wong apik. Sing njelehi kuwi, jane barang-barang kang diborong mau durung pati penting, merga pengin diacungi jempol, sok kebablasen, dituku, najan mung diklumbrukke, ditumpuk, lan dijejer-jejer ora karuwan.

Sajake, wong Jawa kuwi cen sugih alem. Njur ana sing njaluk alem, kulak alem, munggahe tekan aleman. Pokale sok ngedab-edabi, seneng rubuh-rubuh gedhang, melu kloyang-kloyong, nyurung-nyurung tas blanja neng mall lan supermaket. Gajege, lha tuku odhol, sabun, sikat WC, lan butuh sing cilik-cilik liyane bisa neng toko klonthong, e ndadak kudu neng toko gedhe. Ana sing ngiras-ngirus ngumbah mripat. E, lha sing dodol ki jiwane pancen ya kreatif, tegese dipilihke sing melek, rok digawe mepit, klambi mekak mendul-mendul, lan yen lanang ya digawe seksi – lha ya sapa sing ora kesedhot! Kudu bola-bola blanja ta, ora ketang mung apa ta apa.

Budaya anut grubug, seneng jajan, mincuk, lan blanja ben dianggep mompyor, sugih ndrebala, cetha wis angel disirep. Luwih-luwih, kanthi njamure perumahan lan supermaket, saya nyurung polahe wong Jawa kudu mipik terus-terusan. Yen nuju panen pari, woh-wohan, lan tanggal nom kanggone pegawe, wis toko-toko jejel riyel. Luwih seka kuwi, wong Jawa dhewe pancen sok seneng ”nyanthel-nyanthelke”, nanjakake, ngempelake dhuwit timbang ditabung luwih becik ditukokake barang.

Luwih edan meneng sing jeneng barang mas-masan, jan kudu tuku. Mula, yen lelungan kancane nganggo gelang, gelungane methok, sok kepengin. Tobil anak kadhal. Dhuwite mung sebribil, karepe nyendhal-nyendhal. Mula, simbah biyen asring weling, yen golek bojo, jare, aja sing seneng blanja, iku bisa mbenthetke sirah lan nyendhakake umur. Woww, medeni banget.

Jaman biyen, budaya seneng tetuku pancen ngganda spiritual. Life style sing mistis, sok ngudokake tuku barang. Kayata, kudu tuku barang-barang pusaka, keris, akik, kudhi, manuk, lan sapanungglane. Ngonono iku sok njalari jiwa fetisisme Jawa, tegese ndadekake barang minangka jimat, dipuja. Kejaba seka iku, wong Jawa uga duwe tradhisi "asok tukon" lan tukon pasar (jajan pasar), gelem ora gelem kudu blanja, najan direwangi nyilih tangga. E, lha kok tradhisi sing luhur mau saiki owah, saya ndadi tekan seneng blanja mubra-mubra. Yen blanja barang terus dinggo wae ra masalah, kadhang cen sengaja nggo duwe-duwe, akhire dikrikiti tikus, gapuk kepangan wektu, naiyeng karepe dhewe, kapokmu kapan, iya ta!

Underane, diakoni apa ora, wong Jawa cen seneng niru. Tiru-tiru wong manca. Jiwa sing kudune kreatif, malik konsumtif. Sing gampang wae, jane, masak bakmi, sega goreng, lan gudheg ki ya wasis, ning sok mburu sing cepak tur enak, njur blanja neng rumah makan. Samono uga bab penganggo, saiki klambi suwek sithik wis emoh ndondomi, trima tuku, tur kudu modhel, kayata "you can see", ketambahan clana jin "potlot", wis jan!

Saiki angel mbedakake, anake wong tani, jongos, karo majikan sing mblegedhu. Ye wis neng toko, kabeh kena "racun konsumtivistik". Wong Jawa wis kena "virus jor-joran", saomah wae, ana sing HP-ne luwih seka papat, wong siji klambine ana sing 10 iji, durung prabot-prabot liyane. Angger tanggane tuku apa t apa, televisi warna, mesin cuci, lan mainan liyane, sok kemudu-kudu melu, ben ora ngisin-isini. Kabeh kudu tukon pasar utawa toko. Ngene iki jane sing marahi daya kreasine wong Jawa peper, kethul, lan kurang ngregani karyane dhewe.

Yen dirasakake tenan, katone sing njalari wong Jawa iku konsumtif merga kepengin praja. Praja, yaiku kahanan sing nyenengake wong liya, ora kebangeten banget. Upama ana tamu, yen prabote kena disawang, wong Jawa lega. Malah ana sing ben bojone kena nggo sawangan wong liya, diragadi, diblanjakake neka-neka. Najan wang-sinawang ngene iki sok cengkah karo kahanan, ning praja wis dianggep ora ngisin-isini, ora nylekuthis. Bablase tembung, ben disengguh miyayeni. Ra ngono ta?

Mula, wong biyen angger durung duwe curiga, turangga, kukila, lan pria/wanita, urip dianggep durung ganep. Mangka barang-barang iki sipate klengen, tur mawa ragad, kudu tuku. Sesanti ana rega ana rupa, sajake wis ngratoni utege wong Jawa, njur nubras-nubras blanja barang-barang polesan. Kudu milih barang sing beda karo liyane. Wis, wis, embuh ah, nek digagas marahi nggregesi.\*\*\*\*\*

\*)Suardi, mulang Karawitan Jawa FBS UNY